# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–24 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव क छठवां फेरा बदे बिहने होखे वाले मतदान क तइयारी पूरा हो गइल हौ। आजु भिन्नहियें से पोलिंग पारटी बूथन पर भेजलि जा रहलि हौ। देर संझा ले सज्जो पोलिंग पारटियन के गंतव्य ले पहुंचि गइले क ओम्मेद हौ। कड़ेर सुरक्षा इंतिजाम के बिच्चे बिहने सबेरे सात बजे से मतदान सुरू होई, जवन संझा छौ बजे ले चली। येह फेरा में उत्तर प्रदेस क जवन चउदह लोकसभा सीटि सामिल हइनि ओहमें– सुल्तानपुर, प्रतापगढ़, फूलपुर, प्रयागराज, अम्बेडकर नगर, श्रावस्ती, डुमरियागंज, बस्ती, संतकबीरनगर, लालगंज, आजमगढ़, जौनपुर, भदोही अउर मछलीशहर में बिहने मतदान होखे के बा। हमरे संवाददाता क रिपोर्ट–

***पोलिंग पार्टियों को ईवीएम मशीनों और अन्य चुनाव संबंधी सामग्री के साथ कड़ी सुरक्षा के बीच भेजा जा रहा है. अंतरराज्यीय और अंतरजिला सीमाएं सील कर दी गई हैं और सुरक्षाकर्मी हर बैरियर पर जांच कर रहे हैं। नेपाल के साथ अंतरराष्ट्रीय सीमा साझा करने वाले तराई बेल्ट के जिलों में विशेष निगरानी रखी गई है। सशस्त्र सीमा बल एसएसबी सीमावर्ती जिलों में चेकिंग कर रही है। जो राजनीतिक कार्यकर्ता निर्वाचन क्षेत्र के मतदाता नहीं हैं, उन्हें तुरंत क्षेत्र छोड़ने का निर्देश दिया जा चुका है।। छठे चरण की 14 सीटें पूर्वांचल और तराई क्षेत्र में फैली हुई हैं जिनमें सुल्तानपुर, प्रतापगढ़, फूलपुर, इलाहाबाद, अंबेडकर नगर, श्रावस्ती, डुमरियागंज, बस्ती, संत कबीर नगर, लालगंज, आजमगढ़, जौनपुर, मछली शहर और भदोही शामिल हैं।***

येह सज्जो सीटिनि पर प्रमुख दल आपन ओम्मेदवार उतरले हवें। येह फेरा में जवन प्रमुख ओम्मेदवारन के राजनैतिक भविस्य क फैसिला होई, ओहमें सुल्तानपुर संसदीय सीटि से भाजपा ओम्मेदवार अउर पूर्व केन्द्रीय मंत्री मेनका गांधी, प्रयागराज निर्वाचन क्षेत्र से इंडी गठबंधन क कांग्रेस ओम्मेदवार अउर प्रदेस क पूर्व मंत्री उज्ज्वल रमण सिंह, आजमगढ़ से सपा ओम्मेदवार धर्मेन्द्र यादव अउर मौजूदा भाजपा सांसद दिनेश लाल यादव निरहुआ सामिल हवें।

ओहीं, जौनपुर सीटि से भाजपा येह बेरि महाराष्ट्र क पूर्व गृह राज्य मंत्री कृपाशंकर सिंह के मैदान में उतरले हौ। श्री सिंह जौनपुर क मूल निवासी हवें। ओहर सपा राज्य क पूर्व मंत्री बाबू सिंह कुशवाहा पर दांव लगवले हौ त ओहीं, बसपा एक बेरि फेर श्यामदेव सिंह यादव पर आपन भरोसा जतवले हौ। पछिला चुनाव में येह चउदह सीटिनि में से दस सीटि भारतीय जनता पारटी हासिल कइले रहलि जबकि सपा–बसपा गठबंधन चारि सीटिनि पर विजय दर्ज कइले रहलि।

**********

सतवां अउर आखिरी फेरा क चुनाव परचार अभियान के ले के प्रदेस में कई गो राजनीतिक दल पूरा ताकति झोंकि दिहले हौ। येही क्रम में आजु भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ महराजगंज, कुशीनगर, देउरिया अउर गोरखपुर क लोकसभा ओम्मेदवारन बदे जनसभा कइ के ओट क अपीलि कइलें। उहां के समाजवादी पारटी पर निसाना साधत कहलीं कि जनता क पइसा अब देस क विकास में खरचा हो रहल हौ। पहिले क सरकारन में दबंग जमीनि कबजा कइ लेत रहलें, अब अइसन सम्भव नइखे। श्री योगी कहलें कि डॉक्टर भीमराव आम्बेडकर कहले रहलें कि धरम के आधार पर आरक्षण देस क बंटवारा जइसन हौ। उहां के कांग्रेसो के घेरत कहलीं कि उनकर घोसणा पत्र साजिस क उपजि हौ।

श्री योगी कहलें कि प्रधानमंत्री के अगुआई में भगवान राम क मंदिर अउर काशी विश्वनाथ मंदिर सजि गइल हौ। मथुरा के ओरि हम्मन के बढ़ि गइल हईं। ई खाली जनता क ओट के नाते ही सम्भव हो सकल हौ। उहां के कहलीं कि पांच फेरा क चुनाव के बाद ई साफ हो चुकल हौ कि देस में एक बेर फेर मोदी सरकार बने जा रहलि हौ। उहां के कहलीं कि हम्मन के नया भारत में रहि रहल हईं अउर एकर अगुआई मोदी जी कै रहल हवें।

आजु भारत क सीमा सुरक्षित हौ अउर पूरा दुनिया में भारत क सम्मान हौ। परचार अभियाने के क्रम में बिहने समाजवादी पारटी क अध्यक्ष अखिलेश यादव अउर कांग्रेस क महासचिव प्रियंका गांधी क गोरखपुर में संयुक्त जनसभा होई। एकरे अलावा अखिलेश यादव देउरियो में जनसभा के सम्बोधित करिहें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ओबीसी–मुस्लिम आरक्षण के ले के आइल कलकत्ता हाईकोर्ट के फैसिला क स्वागत कइले हवें। उहां के कहलीं कि भारत क संविधान केहू के धरम के आधार पर आरक्षण क अनुमति नाहीं देला। पश्चिम बंगाल क टीएमसी सरकार राजनीतिक तुस्टिकरण क पराकास्ठा पर चलत दुइ हजार दस में एक सौ अठारह मुस्लिम जातियन के जबरिया ओबीसी में डारि के ई आरक्षण दिहले रहल। इंडी गठबंधन की ओरि से देस के कीमति पर राजनीति क जवन ई नीति चलि रहल हौ, येह होड़ के खारिज अउर बेनकाब कइल जाये के चाही।

श्री योगी आजु अपने सरकारी आवास पर मीडिया से बातचीत के समय ई बाति कहलें। उहां के कहलीं कि पश्चिम बंगाल क ममता सरकार ओबीसी क हक जबरदस्ती हड़पि रहलि हौ। येही असंवैधानिक कार पर माननीय उच्च न्यायालय टीएमसी सरकार के फैसिला के पलटि दिहले हौ।

**********

वैष्णो देवी दरसन बदे जम्मू जा रहलि सरधालुअन से भरल ट्रेवलर क पंजाब के अम्बाला में ट्रक के टक्कर से दुरघटनाग्रस्त हो गइले से प्रदेस क बुलंदशहर क कंकोड़ थान्हा क्षेत्र के भोपतपुर गांव के सात जने क मउति हो गइल। घटना में बीस से बेसी लोगिन के घाहियो भइले क सूचना हौ।

**********